

HAITIAN CREOLE

BASIC COURSE

Volume IV
Lessons 31 - 40
STUDENT TEXT

December 1973
Revised February 1995
DEFENSE LANGUAGE INSTITUTE

TABLE OF CONTENTS

LESSON 31 -- THOSE WHO ASK, RECEIVE	1
I. PERCEPTION DRILL	1
II. DIALOGUE	6
III. GRAMMAR DRILLS	13
IV. LEKTU	20
V. GRAMMAR NOTES	22
VII. VOCABULARY	24
LESSON 32 -- AT THE CROIX DES BOSSALES MARKET	27
I. PERCEPTION DRILL	27
II. DIALOGUE	31
III. GRAMMAR DRILLS	38
IV. READING	43
V. GRAMMAR AND CULTURAL NOTES	45
VI. VOCABULARY	49
LESSON 33 -- REPORT ON A RECONNAISSANCE PATROL (cont.)	51
I. PERCEPTION DRILL	51
II. DIALOGUE	56
III. GRAMMAR DRILLS	62
IV. LEKTU	69
V. GRAMMAR AND VOCABULARY NOTES	71
VI. VOCABULARY	73
LESSON 34 -- CARNIVAL	75
I. PERCEPTION DRILL	75
II. DIALOGUE	80
III. GRAMMAR DRILLS	86
IV. LEKTU	93
V. AREA STUDIES	95
VI. GRAMMAR AND CULTURAL NOTES	95
VII. VOCABULARY	98
LESSON 35 -- REVIEW	101
I. ORAL REVIEW OF LESSONS 31 AND 32	101
II. INDEPENDENT STUDY	104
III. REVIEW OF LESSONS 33 AND 34	107
IV. INDEPENDENT STUDY	112
V. SINGING	114
VI. VOCABULARY	115

Table of Contents

LESSON 36 -- A COCK FIGHT	117
I. PERCEPTION DRILL	117
II. DIALOGUE	122
III. GRAMMAR DRILLS	129
IV. LEKTU	136
V. GRAMMAR NOTES	138
VI. VOCABULARY	141
LESSON 37 -- "STUPID IS HE WHO THINKS HE IS CLEVER"	143
I. PERCEPTION DRILL	143
II. DIALOGUE	149
III. GRAMMAR DRILLS	156
IV. LEKTU	163
V. GRAMMAR NOTES	165
VI. VOCABULARY	169
LESSON 38 -- A LITTLE CHAT ON EDUCATION AND HISTORY	171
I. PERCEPTION DRILL	171
II. DIALOGUE	177
III. GRAMMAR DRILLS	184
IV. LEKTU	192
V. GRAMMAR AND CULTURAL NOTES	194
VI. VOCABULARY	201
LESSON 39 -- AT THE BUS STATION	203
I. PERCEPTION DRILL	203
II. DIALOGUE	209
III. GRAMMAR DRILLS	216
IV. LEKTU	223
V. GRAMMAR NOTES	226
VI. VOCABULARY	229
LESSON 40 -- REVIEW	231
I. ORAL REVIEW OF LESSONS 36 AND 37	231
II. INDEPENDENT STUDY	236
III. ORAL REVIEW OF LESSONS 38 AND 39	240
IV. INDEPENDENT STUDY	246
V. LEKTU	250
VI. VOCABULARY	252
GLOSSARIES	253
HAITIAN-CREOLE - ENGLISH	253
ENGLISH - HAITIAN-CREOLE	269

LESSON 31

THOSE WHO ASK RECEIVE

I. PERCEPTION DRILL

A. Koute pa repete:

Pitit Sese-a malad. Li malad anpil. Se pa ti kras malad li malad. Le Sese wè jan pitit la malad, li rele anmwè. Sese lapryè anpil pou pitit la byen. Se pa ti kras lapryè ki pou fè pitit la byen. Sese mete a jenou pou prye. Etan l-ap lapryè, pitit la di-l: Manman, m grangou.

Sese tèlman sezi, li pa fouti fè yon pa. Li di pòt let bay pitit la. Se pa ti kras let pitit la bwè.

B. Repete kouliè-a:

Se pa ti kras malad pitit la malad. Se pa ti kras let pitit la bwè. Sese mete-l a jenou pou prye. Etan l-ap lapryè pitit la leve. Li pa fouti fè yon pa.

C. Add to the following sentences the expression *se pa ti kras* 'a lot of' and make the necessary changes:

CUES

Se lapryè ki pou sove pitit la.
Medam yo ap enkyete yo.

Sese dekouraje.

Ti-moun yo manje chadèk maten an.

Pratik la resevwa kasav O Kap.

Kamyonèt Leon an kraze sou rout la.

Vòle-a pran bagay nan kay la.

Machann nan pòt zaboka, zannanna, ze ak zoranj.

M manje roma Kafou yè swa.

Gen mòn an Ayiti.

Nou te pè.

Ti-moun yo fè bri.

STUDENTS

Se pa ti kras lapryè ki pou sove pitit la.
Se pa ti kras enkyete medam
yo ap enkyete yo.

D. Insert the cued noun and/or pronouns in the pattern ...*mete...a jenou pou...prye*:

CUES

Sese
Mwen
Ti-moun yo
Neg la
Nou
Machann nan
Manman ti gason an
Ou
Tonton an
Kòme Anita-a
Yo
Bòn nan

COMPLETE SENTENCES

Sese mete-l a jenou pou-l prye.
Mwen mete-m a jenou pou-m prye.

E. Link the two sentences by using *etan*:

CUE

M-ap lapryè.
Li antre legliz la.

L-ap telefone.
M fè yon rive Bisantne.

Msye-a ap okupe zafè li.
Madamn nan fè ji chadèk la.

Makdonal desann dejene.
Bon nan fè kabann nan.

Ploton an ap fè ekzèsis.
Jeneral la rive.

Kaporal la ap fè rapò li.
Yo rele lyetnan an Katye Jeneral.

STUDENTS

Li antre legliz la etan
m-ap lapryè.
OR: Etan m-ap lapryè, li
antre legliz la.
M fè yon rive Bisantnè
etan l-ap telefone.
OR: Etan l-ap telefone, m
fè yon rive Bisantnè.

Ti Andre ap bay manti.

Papa-l supran ni.

Eskwad la ap fè patrouy.

Yo kontre ak lenmi.

Lapli ap tonbe.

Loraj tonbe sou yon kay.

Ti-moun yo ap etudye.

Yo pran limyè-a.

Kaporal Jak ap pale.

Odonans la ap pran nòt.

Nèg la ap pran van sou galri-a.

Ti gason an ap etudye leson ni.

F. Complete the following sentences by adding *tèlman* and replacing *kapab* with *fouti*:

SENTENCES

Ti Andre ri, li pa kapab rete.

M bwè dlo, m pa kapab chita.

Medam yo gro, yo pa kapab kouri.

Nèg la te pè, li pa te kapab di yon mo.

Volè yo sezi, yo pa kapab fè yon pa.

M kouri, m pa kapab pran souf.

Zoranj yo pouri, machann nan pa kapab vann yo.

Ti gason an bay manti, nou pa kapab kwè li.

Ou manje a midi-a, ou pa kapab manje aswè-a ankò.

Mesye yo dekouraje, yo pa kapab kontinue travay la.

Nou okupe, nou pa kapab resevwa nèg la.

Fig la pouri, m pa kapab manje li.

COMPLETIONS

Ti Andre tèlman ri, li pa fouti rete.

M tèlman bwè dlo, m pa fouti chita.

G. Complete the pattern *Lè...rele anmwe* with the cues:

CUES

Anita wè pitit la atè-a.

M te boule men-m.

SENTENCES

Lè Anita wè pitit la atè-a, li rele anmwe.

Lè m te boule men-m nan,

m te rele anmwe.

Nou tande oto kraze tonton an.
Sese va konnen biye-l la genyen.
Madanm mwen wè pitit la mouri sou galri-a.
Sòlda yo wè lenmi voye grenad sou yo.
Madanm nan konprann ke msye-a vle touye-l.
Mulèt la frape tifi-a (mwen).
Mesye yo manyen medam yo,
Ti fi yo kontre ak ti gason ki bosu-a.
Nèg la fè hap sou mwen.
Nou tande nonm nan baskile fizi li.

H. Koute pa repete:

Anaiz kontre ak komè li. Koute yo:

Anaiz! Kote ou ap kouri kon sa-a?
-A, kòmè! Anyen pa bon. M pral achte yon biye lotri.
Fò biye-m nan genyen fwa sa-a.
Si biye-m nan sòti, m-ap gen mil goud.

In ben m pap kenbe ou. M-ale tande.
-Mèsi, kòmè-m. M pap kenbe ou non plis.
N-a wè.

I. Koul yè-a repete:

Biye lotri-m nan gen mil goud.
Chal genyen mil goud nan jwèt samdi pase.
Biye-m nan ap sòti fwa sa-a.
M pral lavil, tande. M pap kenbe ou.
M pap kenbe ou non plis.

J. Annou konte lajan pa mil goud, jus nou rive di mil goud.

Repete:

<u>youn</u>	<u>mil goud</u>	(1.000)
de	de mil goud	(2.000)
twà	twà mil goud	(3.000)
kat	kat mil goud	(4.000)

senk	senk mil goud	(5.000)
<u>sis</u>	<u>si</u> mil goud	(6.000)
sèt	sèt mil goud	(7.000)
<u>uit</u>	<u>ui</u> mil goud	(8.000)
nèf	nèf mil goud	(9.000)
<u>dis</u>	<u>di</u> mil goud	(10.000)

K. Complete the pattern *Si...jwe ak Tijo...ap gen mil goud* with the following cues:

CUES

mwen
pòv la
mesye yo
òdonans la
ou
bosu-a
Jak
militè-a
nou
medam yo
tonton an
ti fi-a

SENTENCES

Si m jwe ak Tijo, m-ap gen mil goud.
Si pòv la jwe ak Tijo, l-ap gen mil goud.

L. Replace the subjects of the following sentences with *mwen* and complete with *non plis*:

CUES

Medam yo pa pral nan zòn siklòn nan.
Nou pa resevwa kòb mwa-a.

Ti-moun yo pa vle manje likid jodi-a.
Moun yo pa gen fouchèt a tab la.
Li pa soupe yè swa.
Zanmi-m yo pa renmen lam veritab.
Bannann Sese toufe yo pa pouri.
Nou pa bwè kafe ak lèt.
Ti fi-a pa gen lide al Sen Mak.
Msye-a pa dekouraje ak sitiyasyon an.
Medam yo pa kwit manje jodi-a.
Nou pa wè klè nan bagay sa-a.

SENTENCES

M pa pral nan zòn siklòn nan non plis.
M pa resevwa kòb mwa-a non plis.

II. DIALOGUE

THOSE WHO ASK RECEIVE

Anaise meets Marie, who's going to church. They stop for a little chat.

Anaise: Good morning, Marie. How are you today?

Marie: Thank God, not bad, but not so good either.

Anaise: The way I see you dressed so well, and you even smell good, I would say you are well indeed.

Marie: Well, I'm going to church to kneel at the feet of God to ask him to perform a miracle for me.

Anaise: Oh, oh! I thought that your shop was doing very well.

Marie: Well, you see, that's why they say, "Only a knife knows what is happening inside a yucca's heart."

Anaise: That's true. We're all struggling with life.








Marie: My man is about to go insane. He lost the month's money in a crooked gambling game last Saturday. He is unable to pay for the merchandise for the shop, and the merchants have stopped his credit.

Anaise: Mary, dear, not even a lot of prayer can get you out of that.

Marie: That's why I've just bought a lottery ticket. I'm going to pray at the feet of the Virgin and ask God to make my ticket win.

Anaise: Well, 'makòmè', you really are after a miracle.

Marie: My dear, "A baby who doesn't cry doesn't need to be breast-fed." I'll scream "Help" until God hears me. Listen, I'm leaving.



SE SA KI MANDE KI RESEVWA

Anaiz: kontre Mari ki pral legliz. Yo rete fè yon ti pale.

Anaiz: Bonjou Mari. Kouman ou yè jodi-a?

Mari: Ak Letenèl sa pa pi mal, men sa pa fi-n bon non plis.

Anaiz: Jan m wè ou byen abiye sa-a, e ou menm santi bon, m ta di ou byen anpil.

Mari: In ben, m pral legliz met a jenou nan pye bon Dye pou-m mande-l fè yon mirak pou mwen.

Anaiz: O,o! M te kwè biznis la tap mache byen!

Mari: In ben, ou wè, se pou sa yo di "Se kouto ki konn sa kap pase nan kè yanm."

Anaiz: Sa se vre. Se nan batay nou tout yè ak lavi-a.

Mari: Nonm mwen an vle vi-n fou. Li pèdi lajan mwa-a nan yon vye jwèt samdi dènye. Li pa fouti peye machandiz boutik la, epi komèsan yo koupe kredi msye.

Anaiz: Kòmè Mari machè, se pa ti kras lapryè ki pou wete ou la-a.

Mari: Se pou sa ke m sat achte yon biye lotri. M pral lapryè devan pye Lavyèj, pou-m mande bon Dye fè biye-a genyen.

Anaiz: En ben makamè, ou dèyè yon mirak vre.

Mari: Machè, "Pitit ki pa krye pa bezwen tete". M-ap rele 'Anmwe!' justan Letenèl tande-m. M-ale, tande.

Dialogue Buildup

resevwa
mande
Se sa ki mande ki resevwa.

to receive
to ask
Those who ask receive.

legliz
Mari ki pral legliz
kontre
Anaiz kontre Mari ki pral legliz.

church
Marie who is going to church
to meet
Anaise meets Marie, who's
going to church.

yon ti pale
Yo rete fè yon ti Pale.

a little chat
They stop for a little chat.

Bonjou Mari.

Good morning, Marie.

jodi-a
Kouman ou yè jodi-a?

today
How are you today?

non plis
pa fi-n bon non plis
men sa pa fi-n bon non plis
sa pa pi mal
Ak Letènèl sa pa pi mal,
men sa pa fi-n bon non plis.

neither
not so good either
but not so good either
that's not bad
Thank God, not bad, but
not so good either.

ou byen
m ta di ou byen
santi bon
e ou menm santi bon
ou byen abiye
Jan m wè ou byen abiye
sa-a, e ou menm santi
bon, m ta di ou byen anpil.

you are fine
I'd say that you are fine
smell good
and you even smell good
you are well dressed
The way I see you dressed
so well, and you even smell good,
I would say you are well indeed.

pou mwen
fè yon mirak pou mwen
pou-m mande-l fè yon
mirak pou mwen
nan pye bon Dye
legliz

for me
perform a miracle for me
to ask him to perform a
miracle for me
at the feet of God
church

m pral legliz met
a jenou nan pye bon Dye
In ben, m pral legliz met a jenou
nan pye bon Dye pou-m mande-l
fè yon mirak pou mwen.

O, o!

tap mache byen
biznis la
biznis la tap mache byen
M te kwè biznis la tap
mache byen!

nan kè yanm
sa k-ap pase nan kè
yanm
se kouto ki konn sa k-ap
pase nan kè yanm
se pou sa yo di
In ben, ou wè, se pou sa yo di
"Se kouto ki konn sa k-ap
pase nan kè yanm."

Sa se vre.

ak lavi
nan batay
Se nan batay nou tout yè ak lavi-a.

fou
vle
vle vi-n fou
Nonm mwen an vle vi-n fou.

samdi dènye
nan yon vye jwèt samdi
dènye
lajan mwa-a
Li pèdi lajan mwa-a nan
yon vye jwèt samdi dènye.

I'm going to church to
kneel at the feet of God.
Well, I'm going to church to kneel
at the feet of God to ask him to
perform a miracle for me.

Oh, oh!

was doing well
the shop
the shop was doing well
I thought that your shop
was doing very well!

inside yucca's heart
what's happening inside a
yucca's heart
it's the knife who knows what's
happening inside a yucca's heart
that's why they say
Well, you see, that's why they say
"Only a knife knows what's
happening inside a yucca's heart."

That's true.

with life
in struggle
We are all struggling with life.

insane
to want
wants to become insane
My man is about to go insane.

last Saturday
in a crooked gambling game
last Saturday
the month's money
He lost the month's money in a
crooked gambling game last
Saturday.

koupe kredi
 epi komèsan yo koupe
 kredi msye
 machandiz boutik la
 pa fouti peye
 Li pa fouti peye
 machandiz boutik la,
 epi komèsan yo koupe
 kredi msye.

to stop credit
 and the merchants have
 stopped his credit
 the merchandise for the shop
 to be unable to pay
 He is unable to pay for the
 merchandise for the shop,
 and the merchants have
 stopped his credit.

pou wete ou la-a
 se lapryè ki pou wete
 ou la-a
 ti kras
 se pa ti kras lapryè
 Kòmè Mari machè, se pa
 ti kras lapryè ki pou
 wete ou la-a.

to get you out of there
 it's prayer that will get
 you out of there
 a little bit
 a lot of prayer
 Marie, dear, not even a
 lot of prayer can get
 you out of that.

yon biye lotri
 m sòt achte yon biye lotri
 Se pou sa ke m sòt achte
 yon biye lotri.

a lottery ticket
 I have just bought a lottery ticket
 That's why I've just bought
 a lottery ticket.

genyen
 fè biye-a genyen
 pou-m mande bon Dye
 fè biye-a genyen
 devan pye Lavyèj
 M pral lapryè devan pye
 Lavyèj, pou-m mande bon
 Dye fè biye-a genyen.

to win
 make the ticket win
 to ask God to make the
 ticket win
 in front of the feet of the Virgin
 I'm going to pray at the
 feet of the Virgin and ask
 God to make my ticket win.

yon mirak
 ou dèyè yon mirak
 In ben makòmè, ou dèyè
 yon mirak vre.

a miracle
 you are after a miracle
 Well, 'makòmè', you really
 are after a miracle.

pa bezwen tete
 Mchè, "Pitit ki pa krye
 pa bezwen tete."

doesn't need to be breast-fed
 My dear, "A baby who doesn't
 cry doesn't need to be breast-fed."

Letènèl tande-m
justan Letènèl tande-m
anmwe!
M-ap rele 'Anmwe!'
justan Letènèl tande-m.

tande
M-ale, tande.

God hears me
until God hears me
help!
I'll scream 'Help!' until
God hears me.

listen
Listen, I'm leaving.

Homework

Be prepared to give your previously assigned speech.

III. GRAMMAR DRILLS

A. Lexical Variation Exercises

1. Basic sentence:

Jan m wè ou byen abiye sa-a !
 machandiz la pa vann
 pitit la bezwen tete
 sitistasyon an pa bon
 nou lapryè
 nèg la jwè pokè
 li prye nan pye
 Sen Jozèf
 yo koupe kredi msye
 ou pale kreyòl
 ti-moun yo grandi vit
 nou banda
 yo gen kouraj

Jan m wè ou byen abiye sa-a !
 Jan m wè machandiz la pa vann sa-a!

2. Basic sentence:

M te kwè biznis la t-ap mache byen.
 komèsan yo te antrave nou
 Sen Jozèf t-ap fè kichòy pou nou
 nou t-ap koute konvèsasyon an
 yo te genyen nan lotri-a
 te gen kasav nan boutik la
 papa nou te mete nou a jenou
 ou te gen kredi tou patou
 biye ou la te genyen
 li te rete nan pòtay
 ou pa-t santi ou byen
 lapli-a te rete

M te kwè biznis la t-ap mache byen.
 M te kwè komèsan yo te antrave nou.

3. Basic sentence:

Nonm mwen an vle vi-n fou.
ti-moun nan yo
siryen an
komèsan yo
panyol yo
profesè-a
nou
anplwaye ladwann nan
chofè laliy nan
blan an
pratik la
gran nèg yo

Nonm mwen an vle vi-n fou.
Ti-moun nan yo vle vi-n fou.

4. Basic sentence:

Komèsan yo koupe kredi msye.
mèt restoran an
manadjè otèl la
pratik legum nan
chofè kamyonèt yo
blan ameriken an
navigatè-a
mèt otèl la
Lè Zetazini
tout moun
boutik yo
jwè pokè yo

Komèsan yo koupe kredi msye.
Mèt restoran an koupe kredi msye.

5. Basic sentence:

Se pou sa ke m sòt
achte yon biye lotri.
vann machandiz sa yo

rantre lajan an
prye nan pye Lavyèj
genyen nan lotri-a
met a jenou devan Sen Jozèf
kontrarye afè-a

Se pou sa ke m sòt achte
yon biye lotri.
Se pou sa ke m sòt vann
machandiz sa yo.

pran machandiz yo nan boutik la
 chèche ti-moun yo
 fè yon ti vire lavil la
 koute sa li gen pou di-m
 louvri kay la

6. Basic sentence:

A lafen, li deside ale legliz Sen Jozèf.
 pran machandiz la
 fè Pè Letènèl yon demand
 met a jenou pou-l pryè
 achte yon biye lotri
 tounen kay fanmi-n
 al jwe pokè
 ban-m yon kou d-men
 pase sware-a lakay li
 ale Boutilye
 okupe tèt li
 antre nan lame

A lafen, li deside ale legliz Sen Jozèf.
 A lafen, li deside pran machandiz la.

7. Basic sentence:

Gade non, monchè, pran lajan sa-a.
 wete kò ou la-a
 pa krye kon sa
 ban-m kouto-a
 mete ou a jenou
 pa pèdu tan ou la-a
 peye-m lajan-m tousuit
 desann lavil koulyè-a
 piga rete la-a
 rache pye bwa yo
 al kenbe kabrit la
 monte pye kokoye-a.

Gade non, monchè, pran lajan sa-a.
 Gade non, monchè, wete kò ou la-a.

8. Basic sentence:

Li prye, l-prye, l-prye.
fè banda
krye
tete
banboche
etudye
goute
sonnen
voye pye
travay
peche

Li prye, l-prye, l-prye.
Li fè banda, l-fè banda, l-fè banda.

B. Grammar Exercises

1. Change the following sentences by replacing *anpil* with *se pa ti kras*:

SENTENCES WITH *anpil*:

WITH *se pa ti kras*:

Yo manje anpil zaboka.
Mwen travay anpil.
Nou rakonte anpil istwa.
Gran moun nan fè Pè Letènèl anpil demand.
Pitit sa-a jouda anpil.
M sonje nou anpil, ti-moun.
Papa-m regrèt anpil li pa la.
Msye peye anpil lajan pou sa.
Sèjan an bay gad yo anpil munisyon.
Madanm mwen te gen anpil traka ak bòn nan.
Travay sa-a fè nou sue anpil.
Anpil moun mouri nan aksidan an.

Se pa ti kras zaboka yo manje.
Se pa ti kras travay mwen travay.

2. Replace *anpil* with *se pa ti kras*, as above:

SENTENCES WITH *anpil*:

...WITH *se pa ti kras*:

M te malad anpil.
Nou t-ap bay anpil odyans.
Makdonal va manje anpil ronma.
Ti gason an te gen anpil traka avèk lapolis.

Se pa ti kras malad m te malad.
Se pa ti kras odyans nou t-ap bay.

Asèn te sonnen klòch la anpil .
 Anpil moun t-apral legliz lè sa-a.
 N-av-achte anpil kasav O Kap.
 Pitit Sese-a te boule anpil.
 Manman ou ta krye anpil.
 Yo te gen anpil distraksyon nan vakans la.
 Madanm ou va dekouraje anpil.
 Gen anpil ti-moun ki fèt ane sa-a.

3. Use the link word *etan* to join the following pairs of sentences:

CUES

M t-ap manje. Telefòn nan sonnen.
 Madanm nan tap bay pitit li tete. Yo rele li.
 Ti-moun yo te nan bal. Yo tandè nouvèl la.
 Tonton an ap desann lavil. Ti bway la asasinen ni.
 Ti Andre ap kouri. Li pèdu lajan mwa-a.
 Nou t-ap vala bannann nan jaden Pòl la. Li bare nou.
 M-ap manje. Pòv la vi-n mande-m charite.
 Manman-m al nan mache. Vòlè antre nan kay la.
 Nou kanpe sou galri-a. Nou wè kamyon an pase.
 Msye yo ap peche. Medam yo fè yon vire nan mache-a.
 Ti-moun yo tap etudye. Yo pran limyè-a.
 Ou sou chemen an. Ou a jwenn yon moun ede ou.

STUDENTS

Etan m t-ap manje, telefòn nan sonnen.
Etan madanm nan t-ap bay pitit li tete, yo rele li.

4. Answer the following questions in the negative with *non plis*:

QUESTIONS

ANSWERS WITH *non plis*

Madanm mwen pa pral nan mache
jodi-a, e ou-menm?

M pa pral nan mache non
plis.

Ti-moun yo pat byen domi
yè swa; e pitit ou-a?

Li pat byen dòmi non plis.

M pa fouti konprann leson sa-a; e nou-menm?

Biye lotri-m nan pa genyen; e pa ou la?

Kay mwen an pa gen sal de ben; e kay Anita-a?

Jounalis ameriken an pa kontan; e blan franse-a?

M pa konn pale ni alman, ni italyen; e ou-menm?

Nou pa ka wete-oto-a sou rout la; e nou-menm?

Ou pa ka rache pye bannann nan; e mwen-menm?

Zaboka nou yo pa pouri; epa ou yo?

5. Read aloud the following numbers:

10.971

6.253

1973

8.795

2306

9832

7017

3548

6.003

4.600

5484

10.001

6. Write five sentences on the pattern *tèlman... fouti*. Hand them to the teacher for correction.

C. Translation

1. The man was considerably upset
when his lottery ticket didn't win.

Nèg la te kontrarye anpil win.
lè biye lotri-l la pa genyen.

2. Anaise's husband goes
gambling every Saturday night.

Mari Anaiz la ale nan
jwèt tou le samdi swa.

3. Some people go to church only
when their situation is not good.
(things are bad for them)

Gen de moun ki ale
legliz lè afê yo pa
bon sèlman.

- | | |
|---|---|
| 4. It's when the child cries that his mother suckles him. | Se lè pitit la krye
manman ni ba li tete. |
| 5. Ti Andre lost all the store's money in the crooked game at Simidor's.
(Use Se...construction) | Se nan vye jwèt kay Simidò-a
Ti Andre pèdi
tout lajan boutik la. |
| 6. The Syrian had to give 10 dollars to the old man to make him leave. | Siryen an blije bay gran moun
nan di dola pou fè-l ale. |
| 7. Anaise is discouraged because the Virgin didn't make the ticket win. | Anaiz dekouraje paske Lavyèj pa
fè biye-l la genyen. |
| 8. The merchants stopped Sonson's credit when he couldn't pay for the store's merchandise. | Komèsan yo koupe kredi
Sonson lè msye pa fouti
peye machandiz boutik la. |
| 9. A person should work harder when things are bad. | Pito yon moun travay pi
rèd lè afè-l pa bon. |
| 10. The Syrian was very upset when the old man interfered with his business with Saint Joseph. | Se pa ti kras kontrarye siryen
an te kontrarye lè tonton
an vi-n antrave biznis li ak
Sen Jozèf. |

IV. LEKTU

Yon mirak

Jodi-a m prale rakonte nou istwa yon komèsan siryen Pòtoprens ki te yon gran jwè. Yon fwa, msye ale nan jwèt pokè epi li fè twa jou ap jwe. Aprè twa jou-a, li pèdu di mil dola. Donk, lè msye sòti, msye tankou yon moun fou. Li pa konnen sa pou li fè pou rantre di mil dola-a. A lafen, li deside ale legliz nan pòtay Sen Jozèf la pou lapryè nan pye Sen Jozèf.

Lè li rive, msye mete a jenou. Li di: "Sen Josèf, papa, m konnen ou toujou bon pou mwen. Ou konn sitiyouyasyon-m. Ou konnen di mil dola m pèdu-a se pa pou mwen li yè. Lajan sa-a se nan magazen an m pran ni. Epi, m pèdu li. Alò sen Djo, m pral rete la, nan pye ou. M pral mande ou pou wè Pè Letènèl pou mwen, pou mande-l pou-l fè yon mirak pou-m rantre lajan an. E m p-ap kite legliz la tout tan ou pa ban-m yon sign ke ou pral fè yon ti batay pou mwen ak Pè Letènèl."

Msye mete-l a jenou, spi li plede lapryè. Li rete pandan lontan ap lapryè. Etan l-ap lapryè-a, gen yon pè de fami brizurye ki vi-n mete a jenou tou kote msye. Gran moun nan tou ap fè Sen Jozèf yon ti demand. Li di: "Sen Djo, papa-m, ou konnen depi konben tan m pap travay. M gen sèt pitit. Ni mwen-menm, ni pitit mwen yo, ni madanm mwen, nou gen twa jou depi nou pa manje. Alò sen Djo, m p-ap kite pye ou jodi-a, tout tan ou pa fè yon mirak pou ban-m yon bagay pou-m pòte bay ti-moun yo." Sitiyouyasyon an tèlman rèd pou nèg la li kanpe vap! Li pryè, l-pryè, l-pryè.

Siryen an menm depi gran moun nan antre-a, ap suiv sa l-ap fè ak sa l-ap di. Li santi gran moun nan tèlman ap lapryè rèd, ke li ka antrave konvèsasyon l-ap fè avèk Sen Jozèf la. Msye fè sa, li foure men nan pòch li. Li te gen yon sèl biye di do, la ki te rete. Li pran biye-a, epi li bay tonton an ni. Epi li di-l: "Tonton, gade non monchè, pran lajan sa-a. Men, se pou ou sòti tousuit, paske ou ap kontrarye-m avèk Sen Jozèf la-a. Se yon biznis di mil dola m-ap chèche mare ak li."

Nòt sou lektu-a

Yon komèsan siryen.

As in the other islands of the West Indies, Lebanese merchants control the largest part of both wholesale and retail trade in Haiti, especially in textiles. They are referred to as Syrians.

Kestion

1. Sa komèsan siryen an fè yon fwa?
2. Konben jou li jwe?
3. Li genyen anpil lajan?
4. Sa li fè lè li sòti nan jwèt pokè-a?
5. Di mil dola msye pèdu-a, se pa te lajan ni?

6. Sa li fè nan legliz Sen Jozèf la?
7. Sa li mande Sen Jozèf?
8. Sa msye di ke l-ap tann?
9. Konman siryen an rele Sen Jozèf?
10. Lè siryen an t-ap lapryè, ki moun ki vini nan legliz la?

11. Konben pitit gran moun nan genyen?
12. Depi konben jou tout moun sa yo pa manje?
13. Sa pè d-fami an ta vle?
14. Pou ki sa siryen an ta vle chèche yon mwayen pou lot nèg la sòti nan legliz la?
15. Sa li fè pou gran moun nan sòti nan legliz la?

16. Eske siryen an te tankou-l fou anvan li t-al jwe?
17. Pou ki msye te vi-n tankou yon moun fou?
18. Tousuit, lè msye pèdi kòb la, li te konnen sa pou li fè?
19. Eske nan legliz yon moun kab jwenn di mil dola atè?
20. Pou ki se legliz msye ale pou-l chèche rantre di mil dola-a?

21. Eske msye di ke Sen Jozèf pa janm bon pou li?
22. Ki moun ki di Sen Jozèf pa janm bon pou li?
23. Ki kote siryen an te pran lajan li pèdi-a?
24. Eske kòb la se pa-l?
25. Se avèk Bon Dye dirèk siryen an pale?

26. Msye pa lapryè lontan?
27. Eske Sen Jozèf bay msye yon sign ke li pral fè yon ti batay pou li ak Pè Letènèl?
28. Lòt nèg ki vi-n lapryè-a gen lajan anpil?
29. Lè li rive, èske siryen an t-al deja?
30. Gran moun nan pa gen lontan depi li pap travay?

31. Eske tout moun kay gran moun nan manje anpil chak jou?
32. Pè de fami an ap lapryè pou mande di mil dola?
33. Lè siryen an mete men nan pòch li, li jwenn pliziè biye di dola?
34. Eske li bay gran moun nan twa dola?
35. Eske di dola se gro lajan pou siryen an?

36. E pou gran moun nan?
37. Eske ou kwè tonton an byen kontan?
38. Ki sa ou kwè l-al fè lè li pran kab la?
39. Sa siryen an tap chèche mare ak Sen Jozèf?

V. GRAMMAR NOTES

Se pa ti kras

A. *Se pa ti kras* is an emphasis form for *anpil* 'very much', 'many', a lot of .

Compare:

Mwen wè anpil ti-moun.
Se pa ti kras ti-moun mwen wè.

I saw many children./I saw a lot of children.
(Lit.: It's not a few children I saw.)

B. *Se pa ti kras* is generally used in two patterns:

1. *Se pa ti kras* + adj./v. + subj. + repetition of the adj./v.

Se pa ti kras bèl ti fi-a bèl.
The girl is very beautiful. (Lit.: It's not a little beautiful the girl is beautiful.)

Se pa ti kras dòmi Makdonal dòmi.
MacDonald slept a lot. (Lit.:It's not a little sleep MacDonald slept.)

2. *Se pa ti kras* + noun + subj. + verb.

Se pa ti kras pwason nèg la peche.
The guy caught a lot of fish.
(Lit.: It's not a few fish the guy caught.)

Se pa ti kras mango medam yo manje.
The women ate a lot of mangoes.

Se pa ti kras moun ki gen nan laru Pòtoprens.
There are a lot of people in the streets of Port-au-Prince.

C. In the *Se pa ti kras* construction, the tense marker, if any, is always in the second part of the sentence, never after *Se pa ti kras*.

Se pa ti kras malad m ta malad.

I would be very sick.

Se pa ti kras pale yo t-ap pale.

They were speaking a lot.

Se pa ti kras moun nou te
wè nan laru-a.

We saw a lot of people in
the street.

Se pa ti kras moun k-a genyen.

There will be a lot of people.

VI. VOCABULARY

a jenou, adj.; adv.	on one's knee, kneeling
a lafen, adv.	finally
Anmwe!, excl.	Help' Help me' (a cry for help)
antrave, v.	to interfere with, to hamper, to hinder
batay, n.	battle
bay tete, v. phr.	to breast feed
biye, n.	bill, ticket, note
biznis, n.	shop, business, deal
boutik, n.	shop, small grocery, small retail store
brizurye, n.; adj.	poverty, poor person; very poor, broke
demand, n.	request, demand
etan, conj.	while
Etènèl, Letènèl, pr. n.	God
fanmi, n.	family, relatives
fen, lafen, n.	end
fou, n.; adj.	insane person; insane, crazy
fouti, aux. v.	can, it's possible that
genyen, v.	to win
jenou, n.	knee
jwèt, n.	game, gambling
jwè, n.	gambler, player
komèsan, n.	merchant
kontrarye, v.	to get in the way, to interfere (with), to upset
konvèsasyon, n.	conversation
.. kras, ti kras, n.	little bit, very little, very few
kredi, n.	credit
krye, v.	to cry

lafen, fen, n.	end
lapryè, priè, n.; v.	prayer; to pray
Lavyèj, pr. n.	the Virgin Mary
Letènèl, Etènèl, pr. n.	God
lotri, n.	lottery
machandiz, n.	merchandise
mare, v.	to be engaged in
mete a jenou, v. phr.	to kneel
mil, num. adj.	thousand
mirak, n.	miracle
non plis, conj.	neither
pè, n.	father, priest
pokè, n.	poker
pòtay, n.	gate, entrance
prye, lapryè, n.; v.	prayer; to pray
rakonte, v.	to tell, to relate, to narrate
rantre (lajan) v.	to regain (money)
santi, v.	to reyalize
sign, n.	sign, signal
sen, sent, n.; adj.	saint; saintly, holy
siryen, n.; adj.	Syrian
sitiyasyon, n.	situation
sòti, sòti, v.	to come out, to come up
tete, n.; v.	breast; to suck; to be breast-fed
ti kras, kras, n.	little bit, very little, very few

Proverbs

Pitit ki pa krye pa bezwen tete.

(lit. transl.) A baby not crying doesn't need breast feeding.

(free transl.) Only he who asks will receive.

Se kouto ki konn sa kap pase nan kè yanm.

(lit. transl.) Only a knife knows what is going on inside a yucca's heart.

(free transl.) How would you know if I didn't tell you./ You alone understand yourself.

LESSON 32

AT THE CROIX DES BOSSALES MARKET

I. PERCEPTION DRILL

A. Koute pa repete:

Kòmè Anita, ban-m nouvèl ou non! Sa ki fè m pa wè ou kon sa.

-Kòmè Juli o! Sa pa bon menm. M gen kont traka mwen. Tout moun malad. M pou kont mwen ak yo. M travay tankou bèt.

Se lavil ou prale la-a?

-Wi, men m pap mize pase sa.

In ben m pap kenbe ou pi lontan.

-Mèsi ma kòmè-m. M p-ap kenbe ou non plis.

B. Repete koul ye-a:

Kòmè Anita o! Sa ki fè m pa wè ou kon sa?

M gen kont traka mwen.

M pou kont mwen lakay la.

M pa mize pase sa.

M pap mize pase sa non plis.

C. Add the expression o! to the following expressions. Be sure to use proper intonation.

EXPRESSIONS

Kòmè Juli

Pitit

Monchè

Tonton

Toma

Msyè Lakasad

Manman

Sen Jozèf

COMPLETIONS

Kòmè Juli o!

Pitit o!

